Recueilli par : Oumar DIALLO

Dit par : Cheikh Mbacké Guèye

Griot, demeurant à Louga

--------

# ÑETTI WËJJ YEEK SEEN JËKKËR

Dafa amoon ñetti jéeg yoo xam ni ñu ngiy sëy ci biir kër gi. Benn jéeg bi nag moom dollikatu depaans la. Bu ko jëkkëram joxee téeméer dina ci dolli ñaari téeméer. Bu ko amul dina jaay sëram mbaa mu jaay caqaam, mbaa mu jaay mbubbaam ba togg añ bu bari te neex. Kooku mooy dollikatu depaans bi.

Ñi ci des nag dañuy jaayaatu lu ñu am deñc ; xaalis bu ñu am deñc, xaalis bu ñu am deñc, ñoom ñaari jabar yi, ba Yàlla dogal nag ki nga xam ni mooy seen boroom-kër amatul dara. Mu tàggu leen nag ni leen :

- Man kat damay dem ca wurus wa. Bu ma demee ca wurus wa nag, bu ma sàkkee dinaa ñëw waaye nag awma yòbbal.

Sunu-Boroom dogal nag ñaari jabar yooyu nga xam ni lu ñu mos am dërëm fekk ko fa, ku-nekk yékkëti taxañu xaalis jox ko ko. Gòor gi laaj ñetteel bi, jéeg bi daan dolli depaans :

- Yow nag loo am ?

Netteel bi ni ko :

- Man dé awma dara, ndax lu ma mosaan ci njël li laa ko dolli, awma mbubb, awma sér, awma jaaru. Mu fëgg waxandeem ; ba mu ko fëggée mbott wadd ci.

Mu ni ko man dé mbott mii laa am.

Jëkkër ji ni ko ginnaw mbott mi nga am, indil ma yòbbu ko. Mu jël mbott mi, tàggook ñoom. Muy dem, di dem, di dem ba mu yàgg mu yegg cib dëkk. Ba mu fa dalee nag, mbott mi wadd, ginaar ya nekk ca kër ga nag cof ko, lekk ko. Waaji ni boroom-kër ga :

- Yow dé sa ginaar yi cof nañu sama mbott mi, te sama jabar a ma ko joxoon ndax dafa amulwòon dara lu mu ma jox, mu fëgg waxadeem mbott mi wadde ci, mu jox ma ko. Sa ginaar ya nag lekk nañu ko. Loo ci xam nag. Ay moroomam ku ci ne yobbante na ma xaalis.

- Kon nag, jëlal ginaar gi yóbbu ginnaaw lekk na mbott mi te mënuma ko butti.

Waa ji tënk ginaar gi daldi yóbbu. Muy dox, di dox, di dox ba yegg cib dëkk. Ba mu yeggee ca dëkk ba daldi teg nii ginaar gi, ab xaj dikk, lekk ginaar gi. Ba mu ko lekkee, waa ji ni :

- Yow kat boroom xaj bi, yow kat sa xaj bi lekk na sama ginaar gi, te ginaar gi dafa lekkoon bott, te mbott boobee nekk ci biiru ginaar gi, te sama jabar yóbbante ma ko, mi ngi ci biiru xaj bi, loo ci xam ?

Boroom xaj bi ni ko :

- Kon nag xaj baa ngoogu yóbbul.

Waa ji yóbbu xaj ba. Fekk fa mu bëgg gase wurus wa nag, ñaari ñangoori jaan a nga fa yoo xam ni ku fa mosa ñëw rekk rey nañu la. Soo dee yóótu ci wurus wi rekk rey nañu la. Nakk waa ji ànd ak xaj rekk dem songook ñoom, di xeex ak ñoom ba rey leen. Waaji daldi yegg tonni wurus wi, li ko doy. Leegi am na wërsëg.

Bi nga xamee ni ñëw na nag, jabar yi ko joxoon xaalis nag daldi ni ko :

- Loo ñu indiwaale nag ?

Mu ni leen :

- Yéen kat indiwaalewuma leen dara, defleen ndànk. Kii nga xam ni moo di sama ñetteel, te lu mu mosaan am dafa koy yokk ci njël li, te amulwóon dara, mu fëggóon waxandeem te gisul ludul mbott , mbott woowee ak ginaar a ko lekk, ginaar googee ab xaj a ko lekk, xaj boobee moo ma reyal jaan ya nga xam ni ñoo nekkoon ca wurus wa ba ma mën ko tibb. Kon nag boroom mbott mi moo moom wurus wi.

Ñaari jabar yi ku nekk yor sa tàpparka di ko dërëj-dërëjée. Foofu nag la léeb bi jeexe.